


МАГОМАДОВА Резида

**Ненан мотт**

Ненан мотт, хьо бийца ца хилча,

Сан дахар хир дара цхьа ирча…

Цундела ас чIагIо йина,

Хьо ларбан со мел ю дийна.

Ненан мотт, хьан ницкъ бу шорта:

Дог дело, дог делхо, хьаста.

Хьох долу хIора а дош схьа

Ма хуьлу-кх цхьа дагна тайна.

Дайх дисна и оьзда гIиллакхаш,

Турпалчу къонахийн хьуьнарш,

ТIаьхьарчу тIаьхьешка кхийдош,

Ахь «некъ бо» кегийрхой кхиош.

Дуьххьара мотт бийца Iемаш,

Ас аьлла «Нана» дош гурахь,

Сан иэсехь даим ду дехаш,

Со латтош «нохчоллин гурахь»?

Ненан мотт, хьо бийца ца хиъча,

Сайн дахар го суна цхьа ирча…

Цундела ас нигат дина,

Хьо бийца со мел ю дийна!

**Сан гIала – сан марзо, яхалахь гIоза!**

Дуьненан хазаллехь хьох юста цхьа а,

Хир юй-те, тхан хьоме, хIай Грозный-гIала?

Хийлазза ахь лайна къизаллин бала,

ХIетте а къар ца луш, хьо йисна яха.

Сийначу цIаро хьо молханах ягош,

Хийла да бIаьрхишца, дог доьлхуш, хьийзи,

ДоIанна ийбина мискачийн куьйгаш

Къинхетам беш Волчо беркатах дуьзи!

Ткъа хIинца и беркат вовшашца доькъуш,

Дуккха а къаьмнаш ду хьуна чохь дехаш.

Дайх дисна хьаша тIеэцаран гIиллакхаш

Ду лардеш, велахь и диканца вогIуш.

Ураме ваьлла хьан сирла бIаьрг тоьхча,

Гушдолчу суьрто хьан дог ловзадоккху.

Сутарчу хьекъало шега ладоьгIча,

Дийлинчу гIалатех «ондда» бехк боккху.

Атарийн баьрзнашкахь сауьйзу гIала

Зезагах тарйина гIаттийначаьрга,

Дахарехь шел сийлахь дош доцу ала

«Баркалла» дIаэца, доьху ас хIинца!

Къизачу кхолламо яккхарх со гена,

Сан деган баьрччехь хьо ехар ю денна.

Кхин цкъа а ца гойтуш дог доьхна гIийла,

Хьо Дала ларйойла сан Соьлжа-гIала!

Хьох яьлла геналлехь цхьакIеззиг зама

Ас текхча буоберах таръелла, цхьана…

Дуй биъна кхин хьоьха ца къаста цкъа а,

Со цIехьа йирзира, Дай баьхна ГIала!

Генарчу туьйранех Iехалой, хийла

Боьлху нах ирс лаха хийрчачу махка.

Ирсе вац, хилла вац я хир вац цхьа а,

Ша доггах хьостучу Даймахках ваьлча.

Дас, ненас шайн цхьана доьзалхо санна,

Марзоша езаш, тIе эцна нус санна,

Сан даго, тIехъезаш, шена чу эцна,

Сан гIала, яхалахь хьо гIоза, маьрша!

Яхьйолчу кIенташа мостагIех ларъеш,

Оьздачу мехкарша гIилкхашца хазъеш,

Хьаналчу куьйгаша беркатца токхъеш,

Яхалахь, сан ГIала, замано къонъеш!!!

**КъинтIера ялахьа, нана!**

Дерриг дуьненахь пана

Лела сан ойла сов акха,

Нанас шен вайна воI санна,

Доггах хьо лоьху цо, нана!

Безначийн марзонех баьхна

Бехк боцу тутмакхаш санна,

ДегI доьлла дахарца къийса –

Оьшу хьан «маршалла», нана.

Кхолламо кховдийча сайга

Доьзалийн хьаштийн и «жIуга»,

Кхетарна тIаккха хьайх, нана,

Доьху хьоь, къинтIера яла.

Хиллехь, сох ледарло яьлла,

Халахетар дуьненахь хьуна,

ДоIица доьху ас хьоьга,

КъинтIера ялахьа, нана.

Шераша гонаш а дохуш,

Еха со цхьа эрна хIинца,

Хин метта бIаьрхиш а муьйлуш,

Догъэца йоцуш хьо, нана.

ДоттагIий! Дехар ду шуьга –

Ларамца ларбелаш наной,

Къастаран байтамалх кхиъна,

Дуьненахь герз ма дац цхьа а!



**Нохчийчоь – сан хьоме Даймохк!**

Нохчийчоь, со хьоьстуш кхиийна ага,

Хазалла хьан йийца дош тоац цхьа а…

Делахь а, иэшац и арахьа лиэха,

Дагахьдерг дIадийца тоьар ду похIма.

Ламанаш, гуо бина, хьуна хехь лаьтта,

Iаламан кузаша кхелина хьаьтта,

Хьан хьаннийн IиндагIехь шовданаш зиэрза,

Хьо гучохь, беркате ойланаш серса.

Хьан Iалам – сан деган безаман шовда,

Со гушшехь, делалой, декхалой хьаьвза…

Хьан суьртахь дуьненан хазалла евза,

И суна, нурдашо малх хуьлий, лепа.

Хьох яьлла геналлехь, цхьа кIеззиг зама

Ас текхча, буоберах таръелла, цхьана,

Дуй биъна кхин хьоьха ца къаста цкъа а,

Со цIехьа йирзира, Дай баьхна Латта!

Генарчу туьйранех Iехалой хийла,

Ирс лаха боьлху нах хийрачу махка…

Ирсе вац, хилла вац я хир вац цхьа а,

Ша доггах хьостучу Даймахках ваьлча…

Дас, нанас шайн цхьана доьзалхо санна,

Марзоша езаш, тIеэцна нус санна,

Сан даго, тIехъезаш, шена чу эцна,

Тхан хьоме Нохчийчоь, яхалахь гIоза!

**Вицлур воцу къонах**

**(Нохчийн Республикан Хьалхарчу Паччахьана**

**Кадыров Ахьмад-Хьаьжина лерина)**

Сан дайша, суо жима бер долуш дуьйна,

Со олуш хезна ю, хIара дешнаш хийла:

«Эзарнаш шерашкахь цкъа бен ца волу,

И санна Къонаха, дуьнен тIе вайна».

Сан иэсо листира и ойла хийла:

«И муха, мичара, хир ву-те, мила?»

Хьайн халкъан ирсана ахь дахар хийци,

Хьо хилла-кх и Къонах – со хIинца кхийти!

Хилла хьо дуьнен тIе ваьккхина Дала,

Нийсаниг, сийлахьниг дIаккхайкхо, ала,

ДIаайба, хьаьрчина тхох тIеман бала,

Йохаеш, жухаргийн «лаамийн гIала».

Шераш мел дIаэхарх, замано йорт етташ,

Вицлур вац тхуна хьо, тхан Ахьмад-Хьаьжа,

Вехар ву тIаьхьенийн дегнашкахь хийла,

Бохур ду: «И къонах даим ву дийна!»

Со тахна ехаш ю, йоккхаеш дахарх,

Ахь шен са хийцинчу маршонан зовкхехь,

Хастам беш, Кхоьллинчу вай Далла даим,

Хьо Сийлахь Къонах Цо валарна тхайна!!!

**Хьан дахар ца хилла эрна…**

**(Дена Іелина лерина)**

ДІахеди, сан дада, сан ирсан орам,

ТІеккхечи хьоьгарчу марзонах хьегар.

ТIаьххьара дисна сайн дагтIера зезаг,

Ца лало, эцна дIа Iожалла яхар.

Вайн синош Кхоьллинчо Нана дIаэцча,

Моьттура дерриг дуьне тIеккхетта,

Амма и хиллера техкина дисна,

Ткъа хIетахь со цунах кхетанза йисна.

Хьан дахар, сан Дада, ца хилла эрна,

Юьртана хьайх дика тоьшалла дитна,

Къуонахчун амалца дуьненахь ваьхна,

Хьо ваха езачу Эртана Iилла.

Воккхачун, Дада, хьо беш вара лерам,

Жимачун терго яр – хеташ хьайн декхар.

Мискачун гIортор а хилла, хьо ваьхна,

Цундела юьхь ю сан хьоьха дош ала…

Езачу Эртанан хьаша хьайх хилла,

Цу Хедин хьаьрмо везаш тIеэцна,

Кхоьллинчу вайн Дала декъал а вина,

Хьан хIусам хуьлийла беркате, сирла!

ХIай сийна стигла, ахь Ден дола делахь,

ХIай Iаьржа латта, ахь Наналла делахь,

Ден, ненан марзонах цхьабосса хаьдда,

Дуьненахь висинчу массо а дена!!!

**Нохчийн мотт**

Уьншеран заманан кIоргене яхна,

Вайн халкъан дIадахнарг со кего йоьлча:

Хилла хьо, нохчийн мотт, массарел сийлахь,

Хьо ларбеш изгарна, вайн кIентий цIийлахь.

Дуьненахь уггар а мерза дош «Нана»

Вайн дайша, нохчийн мотт, хьан дашца аьлла.

Цул тIаьхьа массарел сийлахь дош «Даймохк»

ХIетахь ахь тесначу орамах даьлла.

Ткъа тахна хьуна тIе зIакарш а етташ,

КIез-кIеззиг схьабохуш, дIакхуьйсуш, аьтта.

Къахеташ сов хьоьха, даге ов детта,

Ницкъ лойла Кхоьллинчо хьо кхио хиэцца!

Доьху ас: самадовла, дог-кура нохчий,

ЛадогӀий ойлае, со-м шуга кхойкхий!

Шу хила гӀертарах муьлхха а къомах,

Орама тӀера бен маргӀал а тосий?

Нохчийн мотт – вайн халкъан дахаран хазна,

ЙогӀучу заманан сурт гойту куьзга,

Сихое берзо шен бакъдолчу хорша,

Кхачале тӀаьхьенан дахаре хуорша!

Нохчийн мотт-ненан мотт, беза хьо суна,

Сайн дегӀан са санна безий-те, аьлла,

Цалуург, сий ойбуш, хьо берче баккха

Ца хетта, лаьттарчу хелиган меха!

Вайн дайша шайн цӀийца ларбина дайн мотт,

Наноша марзонца кхиийна оьзда мотт,

Безалаш, бийцалаш, мел керча шайн мотт,

И совгӀат Деллачо хаттале цунах барт!!!

**Мехкан кӀанте**

**(Сийлахь Боккхачу Даймехкан тӀамехь вайначу**

**девешина Сайд-Ӏаьлвина лерина)**

Езачу Эртанна юххера,

«Гуьна» шех олучу юьртара,

Хьо воьду Даймехкан декхарна

ГIуллакхе Советан эскаре.

ЦIахь юьтуш, хьаьстина эсала,

Хьуо вина, кхиийна нана,

Хаийта цакхиар уосала

ТIаьххьара къаьсташ хьо езарх а.

Да воцуш кхиар хьан байлахь,

Сецадеш, ойланан къайлехь,

Кхоьруш, хьо леларна гӀийла,

Ненан дог къайлаха тийжа.

Моьтту, хьуо хан-зама яьлча,

Воьрзур ву хьомсарчу юьрта,

Дебар ду дахар хьан къуона,

Воккхавеш доьзалан гуонах.

Маржа-яӀ! Кхоллам хьо адаман!

Дасталац догӀа хьан къайленан.

МостагӀчун и аьтто бели –

ТӀеман кхаж Даймахке бели.

Кехате сатуьйсу нана

Цу кхоо Ӏадийна лаьтта.

Худахьа цуьнгара бала,

Хьайна тӀехь и лаьтта, Латта!

Сел чӀогӀа кхачаре хьежна

Хьан кехат деа сов дезна:

Боху хьуо вогӀур ву атта,

Доггаха мостагӀий аьтта.

Йоккхаеш кехатах экамчу,

Ирс кхаьчна даге сел ховхачу,

Ма гIерта, йочанан марха, тIе

Чекхдаллалц цу ирсан доца де.

И кехат тIаьххьара хилира –

Цул тIаьхьа, кхо шо сов, делира,

Iедало вай новкъадаьхна,

Нуьцкъашха Даймахках дехира.

Ненан дог! Iалац и ца лозуш,

Хьоьжу и догдилла ца туьгуш,

Сибаран махо шен иллица

Теди и, бина шех шийла ша.

Даймехкан сий лардан вахна кIант,

МостагIех, яхь ца луш, лета кIант,

Тешалахь, лар йоцуш вовр вац хьо,

Дуьненахь къонахчун сий мел до!!!

**Грозный-гIала – тхан дозалла…**

Грозный-гIала, тхан дозалла,

Лаьа марахьарча хьан…

Хьан урамаш, хаза гӀишлош

Мел хьоме ду дагна сан!

Кхузахь деха къаьмнаш дукха,

Бертахь доьзал а хилла,

ГӀо эшначохь гӀовтта кийчча

Бу уьш, массо заманна.

Сирла школаш, берийн бошмаш,

Ирсе ду тхан бералла…

И даларна ала лаьа:

«Рамзан, Хьуна, Баркалла!

Маьрша, хаза ю хьо, ГIала,

Хьеший лелаш генара,

Къонахаша совгIатана,

ХIоттийна хьо иштта дIа!

Тхайн дайн ламаст лардеш, оха

Кхойкху шуьга даггара:

«Дуьненахь а уггар хазчу –

Грозне дуьйла хьошалгIа!»

**Дай баьхна хьоме юрт Гуьна**

Сан са ду даим хьан хьаьттахь,

Дай баьхна хьоме юрт Гуьна.

Хиларх со мел гена панахь,

Хьуна бен меттиг бац дагчохь.

Дахаро чорда шед тоьхна,

Геналлехь сагатдан йоьлча,

ГӀено хьан сурт сайна оьхьча,

Дог ловзадолу сан, Гуьна.

Кхолламо яккхарх со гена,

Хан-зама дIаэхарх денна,

Хьоьболу сан безам цIена

ЧIагIлуш бу, доцуш шен доза.

Iалам ду хьан хаза, аьхна,

Къонахий – цIейоккхуш, майра,

Яхьйолу мехкарий хийла

Схьабевлла, хьоме юрт Гуьна.

Замано шира таш тесна,

Хьуна тIе богIу некъ хаьдда,

Доьхна хьан куц-сибат тайна,

Ма гойла сан бIаьрга цкъа а!

Iожалло соьга рагI кховдохь,

Каш-лахьта даккхалаш, тарлахь,

Езачу Эртанна хьалхахь,

ГIуьна схьагур йолчу меттехь.

Дуьненахь хьох хьоьгуш заманаш

Яккхарна хир ю ял иза,

Ларйойла Везчу вайн Дала,

Дай баьхна, хьоме юрт Гуьна!

БисмиллахIиррохьманиррохьим.

**«Мухьаммад валарна, АльхьамдулиллахI! (I.с.в.с)**



Дерриге жил-Iалам дуьненчу кхоьллина,

Стигланан, латтанан ха царна хIоттийна,

Доллучу халкъана, дезачу СовгIатна

Мухьаммад валарна, АльхьамдулиллахI!

Хьан Дезчу, Сийллахьчу Каламан аиташ

Ахь шега диссийча, Цо тхоьга кхачадеш,

Бакъдолу дин «Ислам» дуьненчохь даржадан

Мухьаммад валарна, АльхьамдулиллахI!

Эхартан къематехь ШапаIат да хила,

Дуьненан къинойх тхо лардан Iу хIоттийна,

Ялсамане боьду некъ тхуна схьагайта

Мухьаммад валарна, АльхьамдулиллахI!

Тхан къинош, Iамалаш терзан тIе ехкина,

Вайн Делан маликаш омранна кечделча,

«Уммати-и!» ва бохуш, тхо Хьайга ва деха

Мухьаммад валарна, АльхьамдулиллахI!

Ша волчу заманахь Элчано ялхийна

Кегаре зама ю тIекхаьчнарг вайна.

Я АллахI, доьху хьоь, тхан Ийман чIагIделахь!

Элчанан ШапаIат декъахой тхоьх делахь!!!